# John
## Sekond Leta
## Introdushon

Apostle John rite di sekond leta to one lady and en shidren. E bi like sey dis leta na to anoda group of bilivers for di same time wen e rite di feast one. Di main rizin na to warn dem against di false tishing about Jesus Christ as e tok for di first leta (2 John 1:7 and 1 John 4:2-3; 2 John 1:5). E tell dem not to receive or welkom di false tishas, so dat dem nor go deceive dem.

*I Salot*

1 Mi wey bi elder dey rite dis leta to di woman
wey God choose, with en shidren wey I love
inside di trut (nor bi only mi, but na evribody
wey know di trut). 2 Bikos di trut dey inside us, e
go stay inside us forever. 3 Make God, awa Papa
and Jesus Christ, en pikin wey dey inside trut and
love, give us grace, mesi and peace.

4 I dey happy well-well, wen I si sey some
among yor shidren dey live akordin to di trut,
just as di Papa kommand us.

*Warnin About Fake Tishas*

5 I dey rite to remind una sey, make una love
one anoda. Dis nor bi new kommandment, but
na di one wey dey from di biginnin. 6 (Na wetin
love mean bi dis: make wi dey do wetin God
wont.) Na di kommandment bi dis and just as
wi hear am from di biginnin; na so wi suppose

to follow am. 7 Bikos pipol wey dey deceive odas,
don enter di world; dem nor gri sey Jesus Christ
don kom dis world as human being before. Dis
kind pipol dey deceive odas and na anti-Christ
dem bi! 8 Make una shine una eye, so dat di work
wey wi do among una, nor go lost, but instead,
wi go get komplete reward.

9 Pesin wey nor dey follow wetin Christ tish,
but dey find oda yeye tishas, nor know God. But
pesin wey dey obey dis tishing, get both di Papa
and en Pikin. 10 If anybody kom meet una and
e nor asept wetin wi dey tish, make una nor
welkom or receive am as una broda. 11 But pesin
wey receive am, go dey follow am do di wiked
tins wey e dey do.

### *Last Word*

12 Even doh I get many oda tins wey I won tell
una, I nor won take paper and biro rite dem, but
I hope sey I go kom visit una and I go tok to una
face-to-face, so dat awa happiness go full.

13 Una sista shidren wey God don choose, dey
greet una.

# Holy Bible Nigerian Pidgin English
## Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible)

copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc.

Language: Nigerian Pidgin

Contributor: The Seed Company

© Wycliffe Bible Translators, Inc. 2020 in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee
All rights reserved.

2020-11-30

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 21 Feb 2024 from source files dated 29 Jan 2022
789d27d3-da5e-50a4-a07b-58793a8f3c17